

## ХУАРЗ БАКÆНУНБÆЛ КÆД БЕРÆ КУСТ ЕС, УÆДДÆР ИМÆ ЗИЙНАДÆ МА КÆНÆ!..

***Михаил ЛОМОНОСОВ (1711-1765), номдзуд уæрæсейаг ахургонд, поэт: «Устур фудæбони фæрци хуарз ракæнун дæ къохи ку бафтуйа, уæд фудæбон æрбайсæфдзæнæй, хуарз ба байзайдзæнæй. Зæрдрохсæй фуд ку ракæнай, уæдта дæ зæрдрохс æрбайсæфдзæнæй, фуд ба байзайдзæнæй...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№2 (829) 2022 анзи 21 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман




Уæрæсей мухури Бони фæдбæл нæ республики Парламенти Кади гæгъæдитæй бæрæггонд æрцудæй республикон газет «Дигорæ»-йи редакций косгути къуар. Еци бæрзонд хуæрзеуæг Парламенти сæрдари хуæдæййевæг **Билаонти Батраз** кадгин уавæри равардта **Гибизти Регинæн, Бичилти Алетæн, Гæтийти Светланæн** æма **Джиоти Дианæн** (хузи – галеуæрдигæй рахесæрдæмæ). Кади гæгъæди ма лæвæрд æрцудæй **Баликъоти Тотразæн** дæр.

Билаонти Батраз æ арфи радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй редакций коллективи куст хъæбæр ахедгæ ‘й, нæ республики царди аллихузи хабæрттæ раст æма æнхæстæй ке æвдесуй, уомæй. Аци газети редакций исфæлдистадон косгутæ сæ ихæстæ æнхæст кæнунцæ куд гъæуй, уотæ, фау æрхæссæн сæмæ нæййес.

Уæлдай æновуддæрæй æма æнтæстгиндæрæй ба архайунцæ сæ сæйрагдæр ихæс æнхæст кæнунбæл – нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма æ райрæзти сæрбæлтау архайун, нæ фидтæлти карнæфæлдесæг æгъдæуттæ абониккон æзнæт уавæрти багъæуай кæнун, цæмæй сæ нури æригон фæлтæртæ хуæздæр зононцæ æма син сæ фарни фæрци сæ царди хабæрттæ федауцæй аразонцæ.

Газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив дæр хъæбæр бозæй райарфæ кодта Билаонти Батразæн, уой номæй ба Парламентæн æнæгъæнæй дæр æма сæрмагондæй æ разамундæн, сæ кустæн син уæхæн устур аргъгонд ке цæуй, уой туххæй. Æма зæрдæ байвардтонцæ, идарддæр дæр гъæугæ уагæбæл сæ профессионалон архайд ке араздзæнæнцæ, фау æрхæссун имæ ке нæ бауаддзæнæнцæ, уомæй.

### АХСГИАГ ФАРСТА

## «ГЪÆУАМА БАВДЕСÆН УОДИ ХЪАУРÆ, АРХАЙДИ БÆРНОНДЗИЙНАДÆ!..»

Видеобастдзийнади фæрци Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло архайдта Уæрæсей Хецауади размæ Координацион совети президиуми æмбурди. Дзубанди цудæй нæуæг коронавируси инфекци рапарахат уни нихмæ тохбæл.

Æмбурд амудта Уæрæсей Хецауади Сæрдар Михаил Мишустин. Архайдтонцæ ма си федералон министртæ æма ведомствити разамонгутæ, регионти хецæуттæ. Фæббæрæг кодтонцæ коронавируси нихмæ мадзæлттæ, нæуæг нез «омикрон» парахат кæнуни æууæлтæ. Хецауади Сæрдар куд байамудта, уотемæй нуртæккæ ковидæй сæйгити нимæдзæ нæма фæффулдæр æй:

– Нурмæ бал «дельти» хузæн уæззау уавæртæмæ нæма æркодта, фал нæуæг штамм куд тагъд ирæздзæнæй, уой нæ зонæн. Гъæуама цæттæ уæн цаутæмæ. Абони регионти разамонгутæ гъæуама сæ фæзуæттæбæл, сæ цæргути хæццæ фарстатæ тагъд лух кæнонцæ. Вирус парахат кæнуни нихмæ мадзæлттæ аразонцæ.

Михаил Мишустин куд байамудта, уотемæй медицинон косæндæнттæ, тагъд агъази службитæ, комкоммæ телефони бастдзийнадæ, студенттæ æма хебарæ косгутæ гъæуама косонцæ хестæр кари адæми хæццæ. Незæй сæ гъæуай кæнонцæ. Бæсти Президенти уæлæнхасæн мадзæлттæ баст æнцæ еугур Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади цæттæдзийнади хæццæ. Уой туххæй гъæуама алкедæр æ гъомус равзара, медицинон кадртæмæ æркæса, дзæбæхгæнæн хуастæ æма гъæуайгæнæн фæрæзнитæй куд æнхæст æнцæ, уонæмæ се ‘ргом раздахонцæ.

Коронавируси хæццæ тохи туххæй уæлæнхасæн фæрæзнитæ ке радех кæндзæнæнцæ, уой туххæй Михаил Мишустин æ радзубандий уотæ фегъосун кодта: хуастæ балхæнунæн Уæрæсей Хецауадæ ратдзæнæй 15 миллиард соми, регионтæ райсдзæнæнцæ 5 миллиард соми. Ахсгиаг æй коронавирус ма ‘руадзуни гъуддаг: гъæуама фæффулдæр уа тести бæрцæ, нез расайæги дæр гъæуама бабæрæг кæнонцæ, цæмæй, циуавæр штаммти хæццæ æмбæлунцæ, уой лæдæронцæ. Михаил Мишустин ма кустдæтгутæмæ фæсседтæй, цæмæй сæ косгути идæрддзæф уагæмæ раййевонцæ. Уæлдайдæр ба, хестæр кари адæми.

Аци пълантæ агъазиау æнцæ, сæ исаразунæн багъæудзæнæй хъаурæ æма бæрнондзийнадæ. Гъæуама сæ уавæртæ нимайгæй бундоронæй исаразæн, – загъта Хецауади Сæрдар.

### НÆ БÆРÆГБÆНТТÆ



## ХУАРЗДЗИЙНАДÆ ЗÆРДИ БЕРÆ ЛÆУУЙ!..

Аци анз ци берæ цитгийнаг хабæрттæ гъæуама бæрæггонд æрцæуонцæ, уонæн, махмæ гæсгæ, сæ сæйрагдæртæй æй – Советон Социалистон Республикити Цæдес арæзт ку ‘рцудæй, уобæл 30 декабри исæнхæст уодзæнæй сæдæ анзи. Гъулæггагæн, æ еци бæрæгбонмæ Цæдес нæ фæццардæй – дæс æма инсæй анзей размæ (1991 анзи) цидæр фудмиути азарæй фехалдæй.

Уæди уæнгæ уой медæгæ æмбарæй æма зæрдрохсæй ци республикитæ цардæнцæ, етæ еци æнамонд цауи бæлахæй абони ци тухстдзийнæдтæ æвзарунцæ æма си кæцидæртими ци æдзæлгъадæ цаутæ цæуй, етæ айдагъ сæхецæн нæ, фал махæн дæр сагъæссаг æнцæ.

3

### НОМЕРÆН



## Æ ЕСБОН – НÆ АДÆМОН ЕСБОН

Разагъди ирон финсæг Коцойти Бариси фурт Арсени исфæлдистадæ ‘й хеуон нæ адæми еугур дзамантæ æма еугур фæлтæртæн дæр, æведуйгæ сауæдони хузæн нин æй нæ уодигъæди байлæгъдзийнадæн. Æ гъудитæ нин зæрдтагон æнцæ – дæттунцæ нин зунди хъаурæ, рæстдзийнади рохс, бæрзондгæнæг сагъæстæ.

Абони ба ‘й уомæ гæсгæ имисæн, æма 16 январи æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма авдинсæй анзи (1872-1944). Уой фæдбæл абони нæ газети 6-7 фæрстæбæл мухур кæнæн Арсени туххæй имисуйнæгтæ æма æ радзурдтæй еу.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***Фрэнсис БЭКОН (1561-1626), англисаг философ: «Мах гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн адæмæн айдагъ сæ гъудитæ нæ, фал сæ дзубандитæ дæр. Уæхæн дзубандитæн ба алцæмæй дæр хуæздæр хæзнадæнттæ ‘нцæ базургин гъудити, нистауæнти киунугутæ...» Нур еци киунугутæ нæ хецауеуæггæнгутæ ку кæсиуонцæ, уæд сæ кæндтитæ арфиагдæр уиуонцæ...***

**АХУРАДÆ: БОН ЦÆУЙ ÆМА ФАРНÆ ХÆССУЙ**




# АХУРГÆНÆГИ ЦИТТГИН ФÆЛЛОЙНÆН – АККАГ АРГЪ!..

ЦÆГАТ Иристони идарддæр æнхæстгонд цæуй нисанмæарæзт паддзахадон программæ «Гъæууон ахургæнæг». Программи фæлгæти 2022 анзи конкурси архайæг 13 хуæздæр ахургæнæгемæн уодзæнæй сæрмагонд паддзахадон агъаз райсуни фадуат (фæйнæ 1 миллион сомей бæрцæ).

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Ахурадæ æма науки министради минæвар куд радзурдта, уотемæй программи архайуни фæдбæл курдиæттæ есун райдæдтонцæ 1 январæй фæстæмæ. Министради минæвари дзубандимæ гæсгæ, аци анз программи архайуни фадуат ес, Алагири, Æрæдони, Ирæфи, Кирови, Мæздæги æма Горæтгæрон районти скъолати ваканситæ исæнхæст кæнуни фæндæ ка равдеса, еци ахургæнгутæн. Уотæ, аци анз программæмæ бахастонцæ 13 вакансий (уруссаг æвзаги 6 ахургæнæги, физики 2 ахургæнæги, математики 2 ахургæнæги, химий, англисаг æвзаг æма райдайæн къæлæсти фæйнæ 1 бунати).

Программи уагæвæрди куд загъд ес, уотемæй конкурси архайуни фадуат ес, 50 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, еци фæлтæрдгун педагогтæн. Уонæй уæлдай, сæ хъауритæ бавзаруни фадуат ес, уæлдæр профессионалон ахуради педагогон дæсниæдтæбæл 3 анземæй фулдæр ка ахур кæнуй, еци студенттæн дæр.

Цæгат Иристони Ахурадæ æма науки министради официалон сайти мухургонд æрцудæй, конкурси архайуни туххæй ци гæгъæдитæ бацæттæ кæнун гъæуй, уони номхигъд. Документтæ есуни кæронбæттæн æмгъуд æй 15 апрельмæ.

– Ахуради системи ахсгиагдæр фæззелæнтæй еу æй кадрти фарста. Уой хæццæ, скъолати уæлдай фулдæр нæ фагæ кæнуй физики, химий, математики æма иннæ уæхæн предметти ахургæнгутæ. Аци фарста лух кæнунæн агъаз æй сæрмагонд паддзахадон программæ «Гъæууон ахургæнæг». Уомæй уæлдай уомæн уæлæнхасæн фадуæттæ аразуй «Ахуради системæн кадртæ цæттæ кæнуни» регионалон проект дæр», – радзурдта республики ахурадæ æма науки министр Алибегти Эллæ.

Зæгъун гъæуй, программæ «Гъæууон ахургæнæг» нæ республики нур цалдæр анзи æнхæстгонд ке цæуй, уой дæр. Уотæ, 2020 анзи программи уæлахездзаутæ иссæнцæ 16 ахургæнæги, 2021 анзи ба – 15 ахургæнæги.

***

Ахургæнæги ном искадгиндæр кæнун æма ин æ арфиаг фæллойнæн цæмæй аккаг аргъгонд цæуа, уой туххæй алли анз дæр арæзт æрцæуй Еугуруæрæсеуон сæрмагонд конкурс. Аци анз дæр уотæ уодзæнæй. Æма æрæги Дзæуæгигъæуи 44-аг астæуккаг скъолай бундорбæл райдæдта «Анзи ахургæнæг-2022» еугуруæрæсеуон конкурси муниципалон хай. Еци кадгин ном райсунмæ гъавæг цуппар æма дууинсæй ахургæнæги дæс боней æмгъудмæ гъæуама банхæст кæнонцæ конкурси цалдæр æвзарæн хаййи. Фиццаг комкоммæ раундмæ хаунцæ дууæ конкурсон фæлварæни – æргом урок æма къласон сахат исаразун. Фиццаг хаййи бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, еугуремæй фулдæр баллтæ æрæмбурдгæнæг ахургæнгутæ рацæунцæ конкурси радон турмæ. Дуккаг хаймæ хаунцæ мастер-кълас æма ток-шоу – ахуради уагæвæрди туххæй профессионалон дзубанди.

Жюрий ихæс æй дæсниади хуæздæр ахургæнæги исбæлвурд кæнун, (ахурдзаутæн æрмæг амонуни гъуддаги ин гæрæнтæ не ‘вæргæй), уой хæццæ, ахурдзаутæмæ ес къохæмдзæгъди фæрци хе гъуди раргом кæнуни барæ.

Конкурси муниципалон хаййи фæууæлахез уæвæг ахургæнæг Дзæуæгигъæуи номæй архайдзæнæй еристи регионалон хаййи.

Конкурси сæйраг ихæс æй ахургæнæги дæсниади кадæ фæббæрзонддæр кæнун. Идæрддзæгмæ ахуради технологитæй ахургæнæги баййевæн нæййес. Анзæй-анзмæ конкурс кадгиндæр кæнуй.

**АРФИАГ ГЪУДДАГ АЛКЕ ЗÆРДÆМÆ ДÆР ЦÆУЙ...**



# ЛИФТТÆ – БЕРÆУÆЛАДЗУГОН ХÆДЗÆРТТИ ЦÆРГУТИ УОДÆНЦОЙНÆ

ЕВГЪУД анзи дуккаг æмбеси Цæгат Иристони берæфатерон цæрæн хæдзæрттæ æма цалдæр медицинон косæндонеми æвæрд æрцудæй 100 нæуæг лифти.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министради дзубандимæ гæсгæ, нæуæг техникон фæрæзнитæй 93 æвæрд æрцудæнцæ берæфатерон цæрæн хæдзæртти, 7 ба – Дзæуæгигъæуи æма Мæздæги медицинон косæндæнтти.

Специалисттæ куд зæгъунцæ, уотемæй нæуæг лифттæ ефтонг æнцæ еугур нуриккон домæнти бундорбæл. Нæуæг техникæй æдæрсгæй пайда кæнæн ес, цæстæй лæгъуз ка уинуй, кенæ бустæги хъæрæу ка ‘й, еци адæмæн – кабинити уæладзгути туххæй нисантæ финст æнцæ Брайли шрифтæй, уæдта сæ автомат гъæлæсиуагæй дæр фæлхат кæнуй.

Министради минæвари дзубандимæ гæсгæ, анзи кæрони ци лифттæ исæвардтонцæ, етæ нурма косунцæ фæлварæни хузи. «Ростехнадзор»-и специалисттæ нæуæг лифтти кусти туххæй хатдзæгтæ ку скæнонцæ, уæд сæ раййевдзæнæнцæ еудадзугон кусти фæткæмæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй еци техникон фæрæзнитæ раййевунбæл фарæ бадзубанди кодтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма Карачарови механикон заводи хецау Дзиуати Александр. Дзиуи-фурти фæндæмæ гæсгæ, еци техникæ республикæн равардтонцæ лæвар.

**ИСОНИБОНИ НИСАНТÆ**

# ÆРДЗОН ГАЗ – ИДАРДДЗÆФ ГЪÆУТÆМÆ ДÆР

ПОЛИТИКОН парти «Еугонд Уæрæсе»-й Генералон совети секретарь Андрей Турчак куд фегъосун кодта, уотемæй Уæрæсей Хецауади хæццæ æмбурди рæстæг бæсти Президент Владимир Путин исарази æй газ бауадзуни социалон программæ æнхæст кæнуни фæдбæл фæндæнттæбæл (субъектти сæргълæугутæ газ бауадзуни фæдбæл регионалон штабти разамонгутæ цæмæй исуонцæ, дзубанди, фиццагидæр, уобæл цæуй).

– Социалон газификаций темæ нæ партий адæмон программæмæ бахастан. Газификаций программæ æнтæстгинæй æнхæстонд æрцæудзæнæй æви нæ, е аразгæ ‘й хецауади еугур къæпхæнти архайдæй. Бæсти Президент ке фегъосун кодта, анзи кæронмæ газæй пайда кæнуни фæндæ искæнæг еугур адæммæ газ бауадзуни фæдбæл еци ихæслæвæрд партийæн нимад æй фиццаградонбæл, – загъта Андрей Турчак.

Хецауеуæггæнæг адæймаги дзубандимæ гæсгæ, «Еугонд Уæрæсе», уæдта бæсти Хецауадæ æма компани «Газпром» зæнхи хайбæл газуадзæн хæтæл бафедар кæнуни æма Уæрæсей уагъд гази ефтонггæрзтæ æлхæнуни фæдбæл æргътæ исæмхузон кодтонцæ. Нуртæккæ бæсти амунд æргъти рæстæмбес бæрцæ ‘й 94 мин соми. Партий фæндæй æма Хецауади агъазæй 63 регионей цæрæг Устур Фидибæстон тугъди архайгутæн, сахъат æма агъазгъæуагæ адæймæгутæн, берæсувæллонгин бийнонтæ æма еунæгæй цæрæг пенсиесгутæн ес комкоммæ субсидитæ, кенæ гази ефтонггæрзтæ балхæнунæн сертификаттæй испайда кæнуни барæ. Уалдзигон сессий рæстæг байзайæг 22 регионի сæхемæ рахæсдзæнæнцæ æмбæлгæ унаффитæ.




Уомæй уæлдай, Æносон æртити æнæсцох кустæн газ цæмæй лæвар дæттонцæ, уой туххæй Андрей Турчак Президентма бахаста уæхæн фæндæ.

– Аци æртити кусти фæткæ нури уæнгæ бæлвурдгонд ке нæй, уой фудæй муниципалитеттæмæ ка бамбурд æй, еци ихæси туххæй цалдæр хатти Æносон æртитæ рахуссун кæнун багъудæй. Аци фарстатæ паддзахадон уагæй ралух кæнун æмбæлуй. Гъуддагбæл компани «Газпром»-и хæццæ бафедудтан, – загъта Андрей Турчак.

«Еугонд Уæрæсе»-й фæндæнттæбæл исарази уогæй, Президент Хецауадæн, парти æма æхсæнадон организацитæн бафæдзахста, социалон газификаций программæ æнхæст кæнуни гъуддаги архайун.

– Æвддæс æма цуппаринсæй процентемæй фулдæр уæвæг Цæгат Иристони газификаций къæпхæн нимад æй бæсти бæрзонддæр къæпхæнтæй еуебæл, фал цийфæндийæй дæр дæс мин хæдзаремæй фулдæремæ нурма газ бауадзун æмбæлуй. Дзубанди, фиццагидæр, цæуй зинвадуат хуæнхаг гъæутæбæл. Республики ке исаразтонцæ, газ кæронбæттæн уагæй бауадзуни фæдбæл еци штаби специалисттæ косунцæ газ хæдзæрттæмæ тагъддæр бауадзуни гъуддагбæл. Цæгатиристойнаг гъæутæмæ газ бауадзуни фондзанзон программæ исæнхæст кæнунбæл бахарз кæндзæнæнцæ, еумæ райсгæй, 1,3 миллиард соми, – зæгъуй партий регионалон хайади секретарь, Паддзахадон Думи депутат Таймазти Артур.

Фарæ 11 июни Уæрæсей Президент Владимир Путин æ къох ниввардта зæнхи хæйтти уæнгæ газуадзæн хæтæлтæ лæвар бахъæртун кæнуни туххæй «Еугонд Уæрæсе»-й фракций исрасткæнуйнæгти хæццæ закъони. Адæмæн ес социалон газификаций туххæй курдиадæ «Паддзахадон лæггæдти» портали, берæкъабазгин центрти хайæдти, «Газпром межрегионгаз»-и абонентон косæндæнттæ æма газификаций операторти сайтти фæрци барветуни барæ.

**Таможний косæги Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй 26 январи. Зæрдиагæй арфæ кæнæн Цæгат Иристони таможний косгутæн сæ профессионалон бæрæгбони фæдбæл.**




# ХУАРЗДЗИЙНАДÆ ЗÆРДИ БЕРÆ ЛÆУУЙ!..

Е уоййасæбæл сагъæсгаг фарста ʻй, æма ибæл фæстæдæр бæлвурддæрæй æрдзордзинан. Абони ба уой зæгъуйнаг ан, æма нæ зæрди ес ССР Цæдеси исарæзти сæдæ анзей фæдбæл рæстæгæй-рæстæгмæ хецæн æрмæгутæ мухур кæнун. Æма еци гъуддаг ба идайæн, мæнæ абони ци уац мухур кæнæн, уомæй.

Еу цъеу, дан, авд æвзагемæй дзурдта, фал æй цъеусор ку расурдта, уæдта си æхе æвзаг дæр феронх æй. Раст гъе уæхæн цау æрцудæй махбæл дæр. Кæддæр хъæбæр сæрустурæй цийни зартæ кодтан нæ Советон Цæдесбæл – е адтæй æмбарæ, æмзунд, æмзæрдæ адæмтæ æнсувæрти Цæдес. Æности дæргъи хецæнтæй ци адæмтæ цардæнцæ, етæ барвæндонæй сæ цард, сæ тох, сæ фæллойнæ байеу кодтонцæ. Уой размæ сæ гæнæнтæ æма фадуæттæ æмхузон кæми адтæнцæ, фал байеу уни фæсте сæ еумæйагдзийнади ба сæ равгитæ исæмхузон æнцæ, кæрædзебæл еузæрдиуон адтæнцæ, еу инней гъолон нæ кодта. Æнæнвæрсон цæстæй си неке некæмæ кастæй. Æ æрдзи гъæздугдзийнадтæ, æ удигъæди рæсугъддзийнадæ си еу иннемæн не ʻвгъау кодта. Еске, зæгъæн, зин уавæри бахаудтæй, кенæ ибæл ести бæлах æрцудæй, уæд еунæгæй нæ райзадайдæ, еумæйагæй ин иннæ адæмихæттитæй, ци сæ бон адтæй, уомæй фæййагъаз кодтайуонцæ. Сæ царди нисантæ адтæнцæ еу, сæ балци дæр – еу. Кæмидæриддæр – æнсувæртæ, хуæртæ, æмтохгæнгутæ, цардаразгутæ...

**ФУДГОЛИ ДЗУБАНДИЙ ЦАРДИ ТÆФ МА АГОРÆ!..**

Еци уавæр Советон Цæдеси хумæтæг адæмæн æхцæуæн куд нæ адтайдæ. Кедæрти, бæлвурддæр ба, не ʻзнæгти зæрдæмæ ба нæ цудæй, сæ маст сæ хъурæй калдæй. Нихæй-нихмæ истохунæй ин сæ бон неци адтæй. Æма уæд, исфæндæ кодтонцæ хийнæй Цæдесбæл рацæун – медæгæй æй фехалун. Уой тухæй бунисафгутæ иссирдтонцæ нæхе ʻхсæн. Абони æнæ фурмæстæй æ кой кæмæн нæ кæнæн, еци Ельцин æма уой хузæн цъеусортæ аллайаг ниуæзти фæсте ухерий тухстæй сæ цъамар миуæ бакодтонцæ – адæм уой размæ сæрмагонд референдуми Советон Цæдес багъæуай кæнæн, зæгъгæ, сæ фæндæ æмхузонæй ке загътонцæ, уой нецæмæ æрдаргæй, фехалдтонцæ Советон Цæдес – нæ еци федауцæ еумæйаг Галауан. Мах ба?.. Етæ фурасугæй фудмиуæ бакодтонцæ, фал мах, советон адæм, æнæгъæнæ дуйнейи дæр нифс æма хъаурæ устур нимади кæмæн адтæй, еци адæм, мæнæ раздæр ке кой ракодтан, еци цъеуи гъос цæмæн фæцæй?

Ка ʻй зонуй, уомæ гæсгæ дæр, æма нæуæг «хецæуттæ» нин нæ сæризунд ниффесинмæ кодтонцæ сæ сайæн дзубандийæй, æма мах дæр сæ фæдбæл нииййарц ан – нæ фидтæлти загъдау, мулдзугæн е ʻсæфт ку ʻрцудæй, уæд ибæл базуртæ æрзадæй. Бæргæ ма фæсмон кæнæн...

Советон Цæдес куддæр фехалдæй, уотæ ибæл æ бабунгæнгутæ æма уони хъозæнттæ ци хузи цъифкалæнтæ ба нæ кодтонцæ. Уæд игъустæй айдагъдæр уони дзæнгæда, рæстдзийнадæ ка загътайдæ, уонæмæ ба дзурди барæ нæ хаудтæй. Фал алли рæстæгмæ дæр ес еу менеуæг – цийфæнди сау мегътæ ку æрбамбурд унцæ арвбæл, уæддæр – уа нæ уа – æрбадумуй кæдзосгæнæг думгæ. Æма рæстдзийнади уæхæн думгитæ нихæхæлеу кодтонцæ «нæуæг цард аразгути» дарæстæ сæхебæл ка искодта, еци гадзирахаттæй цæугути цъамар æрмисæггæгтæ æма хахуртæ. Нур æргомæй зæгъгæй, ке фудæй æма цæй тухæй дæрæнгонд æрцудæй Советон Цæдес. Паддзахади разамундмæ бабурдæнцæ, еци гъуддаг кæмæн ихæсгонд адтæй, етæ – куд загъдæуй, кæсалгæ æ сæрæй æмбуйун райдайуй. Берæ ибæл нæ дзордзинан, фал фицагидæр фудгин æнцæ, куд партий Центрон Комитет, уотæ уæди паддзахадон æдасдзийнади Комитети разамунд, кæцитæ сæ комкоммæ ихæстæ нæ исæнхæст кодтонцæ.

Е нæ, фал ма зонгæ-зонгæй архайдтонцæ Цæдеси фехæлдбæл.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# СОВЕТОН ЦÆДЕС КЕ ФЕХАЛДÆЙ, УОБÆЛ ФÆСМОН КÆНЕТÆ?..

**17% – бæлвурд дзуапп раттун мæ бон нæй**

**21% – нæ фæсмон кæнун**

**62% – фæсмон кæнун**




**Фонд «Æхсæнадон цæстингас»-и бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ уæрæсейæгтæн сæ фулдæр – 62% фæсмон кæнунцæ, ССР Цæдес ке фехалдæй, уой фæдбæл. Ци адæми бафарстонцæ, уонæн се ʻмбесæй минкъий фулдæри – 52% – фæндуй, Советон Цæдес нæуæгæй арæзт ку ʻрцæуидæ, е. Уой хæццæ ба кедæрти – 31% – нæ фæндуй, цæмæй еци гъуддаг арæзт æрцæуа. Цæмæй Цæдеси хузæн еумæйаг паддзахадæ бабæй фæззинна, уой фарс ка дзоруй, уонæн сæ æвдесæйнæгтæ ʻнцæ: «уæди рæстæги алцидæр берæ хумæтæгдæр адтæй æма адæм хуæздæр цардæнцæ», «адæм хæларзæрдæдæр адтæнцæ», «уæд адæммæ сæ исонибони нифс адтæй, абони ба нæййес». Нихмæдзоргутæн ба сæ загъд уотæ ʻй: «абони рæстæг ци ʻй, уомæй цæрун гъæуй», «Уæрæсей алцидæр хуарз æй», «мæнæн абони хуæздæр æй», «æнсувæрон республикити дарун мæ нæ фæндуй». Æрфарст уæрæсейæгтæн сæ зингæ фулдæр – 74% – федарæй æнгъæл æнцæ: 1991 анзи æ унадæ кæмæн фæцæй, еци паддзахадæн æ кæддæри хузи иснæуæггæнæн нецихузи æс.**

## ДЗУРД ГЪÆУАМА ДЗУРДТАГ МА УА!..



*Уæрикkæ цæугæдони билгæрон æрлæудтæй æма агоруй, иннæ фарсмæ кæбæлти бахеза, уæхæн тæнæг бунат.*

*– Гъе, уæлæ уæрикkæ, – дзоруй имæ донæй кæфхъундар. – Рацо, мæ рагъбæл исбадæ æма дæ æз баласдзæнæн…*

*– Нæ, бахуæрдзæнæ мæ…*

*– Нур ци дзорис! – бостæхузæй загъта кæфхъундар. – Уæхæн æнаккаг мæ æнгъæлис? Фиццагидæр, æз æфсес дæн, дуккагæй ба, еугæр дзурд равардтон, уæд æй нецихузи фæссайдзæнæн!.. Махмæ, кæфхъундартæй зæгъун, намус фесафунæй федиссагдæр хабар нæййес!..*

*– Мадта мин дзурд дæттис?*

*– Дæттун. Мæ дзурдæн хецау ку нæ разиннон, уæд мæ Хуцау авддæлдон фæккæнæд!..*

*Уæрикkæ ибæл бауæндтæй æма æ рагъбæл рабадтæй. Дони астæумæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд кæфхъундар æхе ранихъулдта æма уæрикки бахуардта. Уæдта билгæронмæ ранакæ кодта. Уоми имæ зæронд гъуæрттун хæпсæ уайдзæфгæнæги цæстæй ку ракастæй, уæд гъенцъунгæнæги хузи загъта:*

*– Ци бакæнон?!. Гъе уæхæн фагус дæн æма…*

Раст еци кæфхъундари халдех раудæнцæ, нæ абониккон «цардаразгутæ». Махбæл бауæндетæ æма уæ цардиуагæ дзенет фестдзæнæй, зæгъгæ, фæливд сомитæй адæмбæл гадзирахаттæй рацудæнцæ. Сæ фудæй фехалдæй дзиллæн зæрдтагон Советон Цæдес ваучерти «хуарзæй» сæ фæффудевгæд кæнгæй, нæ бæсти еугурадæмон мулкитæ еугæй адæймæгути евгæд бацæнцæ. Еци мулкитæ ке фæллойни фæрци адтæнцæ, етæ ба кæфхъундари амæттаг уæрикки хузæн сайди фæцæнцæ… Айдагъ уомæй дæр бæрæг æй сæ фагусдзийнадæ еци «царди хецæуттæн».



**Алексей КУДРИН, Нимайæн палати сæргълæууæг: «Мæнæ «нулевой», зæгъгæ, ке хонунцæ, еци æнзти рæстæг æз вице-премьер адтæн, æма уæд царди къæпхæн æртæ хатти исирæзтæй. Нуртæккæ царди къæпхæн æй, Советон Цæдеси куд адтæй, уомæй 20% бæрзонддæр…»**

Фарæ сæрди нæ А. Кудрин федарæй æуууæндун кодта, гъома, нæ бæстæ, Советон Цæдеси ци адтæй, уомæй 30% хуæздæр цæруй. Нур ба – 20% хуæздæр?.. Бæргæ, Нимайæн палатæ уой ку банимайидæ, æма еци «хуæздæрдзийнадæн» анзи æрдæгмæ æ 10% ци фæцæнцæ, уой. Æви уæддæр цард бабæй уойбæрцæ фæллæгъуздæр æй?..



**ДАНТЕ Алигьери (1265-1321), номдзуд итайлаг поэт: «Унгæги бони дæ кæддæри амондгун рæстæгутæ ку имисай, уæд уомæй карздæр гъезæмарæ нæййес…»**

Æцæгæйдæр уотæ ке æй, е ба ни æруагæс кæнуй, Советон Цæдеси доги цæргæ кæмæн раудæй, етæ абони куд гъенцъунгæнгæ имисунцæ еци рæстæгути цардиуаги зæрдтагон уавæртæ. Æма сæ хумæтæг адæми абониккон царди æдзæллагдзийнади хæццæ куд нæ баронцæ. Е ба син, æцæгæйдæр, уоди гъезæмарæ исуй…



**ГЁТЕ Иоганн (1749-1832), номдзуд немуцаг поэт: «Алли бон дæр гъæуама еу зармæ уæддæр байгъосай, еу хуарз хузæ уæддæр фæуууинай, уæдта, дæ равгæ ку амона, уæд еу зундгин гъуди бакæсай…»**

Нæ зонæн, аци загъд нæ абониккон «царди хецæуттæй» еске фегъустайдæ. Фал уой ба зонæн, æма уонæн зæрдтагон зар æй сугъзæрийнæ æхцати зæлланг, уиндгундæр хузæ син æй доллæр кенæ еврой хузæ, æхцæуæндæр гъуди ба «Æхцатæ æсмаг нæ кæнунцæ!..» Мадта хумæтæг адæми гъæрзун ба сæмæ нæ игъусуй, уони тухст уавæртæ нæ уинунцæ, мадта рæстмæ гъуди бакæсун æма уомæ гæсгæ царун ба сæ фæндгæ дæр нæ кæнуй…

**Уæрæсей студенттæ 25 январи бæрæг кæндзæнæнцæ сæ бæрæгбон. Нæ республики студенттæн нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй æй зæрдæхцæуæнæй исбæрæг кæнонцæ.**

*Петр ЧААДАЕВ (1794-1856), уруссаг философ, публицист: «Адæймаги уод æ базуртæбæл ка исеса, уæхæн райдзаст имисуйнæгтæ, цæститæбæл ка рауайа, уæхæн зæрдæскъæфæн фæлгонцтæ, зундæн агъаз ка фæууа, ка ’й бацирен кæна,*



# ХУАРЗДЗИЙНАДÆ ЗÆРДИ БЕРÆ ЛÆУУЙ!..

3

Уой фæдбæл цæмæй сæрмагонд службити историкти Ассоциаций иуонг Алексей Мухин кæддæр куд загъта: «Сохранить накопленный к тому времени верхушкой ЦК и КГБ средства, аккумулированные в банках, настало время стать легальными олигархами».

Æма абони нæ уинетæ, нæ олигархтæ ка ’нцæ, уони? Уæди советон рæстæгути сæмæ адæми сагъæс ку нæ адтæй, уæд нур ба, сæхеуон сæхе ку фæцæй, уæд ма сæ хъæбæр гъæуæн...

Лæг, дан, ку фæммæгур уй, æ зæронд ихæстæбæл уæд фæххæтуй. Нæ фидтæлти аци загъдмæ гæсгæ, мах дæр абони гъæуама зæгъæн нæ сæйрагдæр домæн: нæ советон, алцæмæй дæр æнхæст бартæ гъæуама адæмæн æздæхт æрцæуонцæ.

## ЕУМÆЙАГ ДЗИККАЙÆЙ БЕРÆ ЦАРВ ÆНТÆСУЙ!..

Алли бæсти, алли адæми историй дæр ес, сæ карни нæуæг, зæрдæмæдзæугæдæр исонибон аразуни фæндæ сæмæ кæми фæззиннуй, уæхæн догæ. Нæ берæнацион Райгурæн бæстæн уæхæн бон иссæй 1922 анзи 30 декабрь. Уæд Советти фиццаг Еугурцæдесон съезд фæсседтæй, Советон Социалистон Республикити Цæдес арæзт ке æрцудæй, уой.

Еци бон муггагмæ байзайдзæнæй адæми зæрдити, нæ паддзахади историмæ æностæмæ бацæудзæнæй, уæди уæнгæ дæр æма уой фæсте дæр си ци агъазиау æма ахсгиаг цаутæ ’рцудæй, уони æмрæнгæ. «Сæребарæ республикити федар Цæдес» – нæ Советон паддзахади Гимни еци дзурдтæ поэти æргъудигонд нæ адтæнцæ, цард, не ’цæгдзийнадæ сæ исæвзурун кодта.

Истори ка некæдма адтæй, косгути æма зæнхкосгути уæхæн берæнацион паддзахадæ агъазиауæй æрлæудтæй деси бацæугæ дуйней размæ.

Тæккæ цубурдæр æмгъудмæ, вазуггин дуйнеуон уавæри кæронгонд æрцудæй раздæри паддзахади кæрæнтти цæрæг адæмихæттити экономикон æма культурон фæстезаддзийнадæн, хъодигонд æрцудæй нацити ’хсæн æцæг æнæмбарæдзийнадæбæл. Сæ гæнæнтæ хуæздæр кæмæн адтæнцæ, еци республикитæ гъæуама агъаз кæнонцæ, фæккæсуйнагдæр ка адтæй, уонæн – уæхæн уагæбæл æнхæстгонд цудæй еци ихæс. Æндæр хузи æй ралух кæнуни мадзал угæ дæр нæ адтæй.

Историон æгъдауæй цубур рæстæгмæ – æртинсæй анземæ – советон республикити æ экономикон ирæзт исæмхузон кæнуни ихæс, еумæ райсгæй, æнхæстгонд æрцудæй. «Бæсти кæрон», зæгъгæ, еци дзурдæй ма пайдагонд цудæй айдагъдæр географион æгъдауæй, социалон æма экономикон уагæбæл ба уæхæн гъуди æнгæрон дæр нæбал адтæй.

Е уобæл дзорæг æй, æма еугур 15 цæдесон республики дæр сæйраг бæрæггæнæнтæ – национ æфтуйаг еу удгоймаги хигъдмæ, фæллойни техникон ефтонгдзийнадæ æма ма берæ æндæр социалон-экономикон æвдесæнтæй исæмхузон æнцæ. Зæгъун æнгъезуй, æма еугур республикитæ сæ райрæзти исхизтæнцæ, еци гъуддаги æностæ ке багъудæй, еци исирæзгæ европаг бæстити æмбæрцæ къæпхæнмæ. Æмбесонди хузæн тагъд ирæзтæй экономикæ еунæг цæдесон республикити нæ, фал, еугур автономон республикити æма облæстти дæр.

Нæ Райгурæн бæсти еугур адæмтæ дæр сæ берæ æнзти царди фæлтæрддзийнадæй бадзутонцæ Советон Социалистон Республикити Цæдеси ке байеу æнцæ, е син ци устур хуарздзийнæдтæ равардта исонибон æнтæстгинæй арæзунæн, ци урух фадуæттæ игон син кодта, уой.

Уомæн ирд æвдесæн – Цæгат Иристон.

... Е советон хецаудзийнади æнзти æносон фæстезадæй рацудæй социалон ирæзти надбæл. Республики æрфедар æнцæ тæккæ раззагдæр æхсæнадон рахастдзийнæдтæ, исирæзтæй æ экономикæ, наукæ æма культурæ, хуæздæр æма рæсугъддæр кодтонцæ æ сахартæ æма гъæутæ, ирæзтæй алли бийнонти материалон фæрнугадæ дæр.

## ЦАРД БАЗУРГИН КЕ ИСКÆНУЙ, ТÆХГÆ ДÆР Е КÆНУЙ ÆНДИУДÆЙ

Кавказ æма Уæрæсей адæмти хæлардзийнадæн адтæй арф уедæгтæ. Етæ бæрæгдæрæй зиндтæнцæ адæмти историон карни еухузондзийнади, кавказаг-уруссаг адæмти хæстæгдзийнадæмæ рагон бæлди, уæрæсейаг пролетариатти хæццæ еумæ фæллойнæгæнгути социалон æма национ æфхуæрддзийнади нихмæ тохи.

Еугуруæрæсеуон Центрон Æнхæстгæнæн Комитет 1924 анзи 7 июли ци унаффæ рахаста, уой бундорбæл арæзт æрцудæй Цæгат Иристони автономон облæст, 1936 анзи ба Цæгат Иристон иссæй Автономон Советон Социалистон Республикæ.

Советон адæмти æнсуæрон бийнонти ’хсæн уогæй, Цæгат Иристон цубур æмгъудмæ æнтæстгинæй рацудæй сæдæгай æнзтæ цæун кæбæл гъудæй, уæхæн экономикон, социалон æма культурон ирæзти надбæл.

Адæмон хæдзарадæ æ къахбæл ислæуун кæнуни æнзти æма фиццаг фондзанзони æввæрд æрцудæнцæ нæ республики индустрийи бундортæ. Энергетики фиццагигурд – Гизæлдони ГЭС арæзунæн агъаз кодта еугур бæстæ. Æма еци электростанцæ ку æркуста, уæд е устур цау иссæй Цæгат Иристони дзиллæн. Нæ номдзуд поэт Багъæрати Созур е ’мдзæвгæ «Нæ цийни бон»-и уотæ финста:

*Зарæ, ирон, абони бон*
*Махæн ку æй цийни бон.*
*Ленин æма партий фæрци*
*Ходуй нæмæ Гизæлдон.*

*Хор нæбæл æрттевгæ тунтæ*
*Тар къумтæмæ нивæндуй.*

Бæсти берæ республикити, крайти æма облæстти агъазæй бундоронæй нæуæг хузи арæзт æрцудæй завод «Электроцинк», исирæзтæнцæ Европи тæккæ устурдæр Беслæни маисон комбинат æма æндæр кустуæттæ.

Мах сæ худтан адæмти хæлардзийнади арæзтæдтæ.

Бæсти берæ республикитæй æма облæсттæй æрцæуæг минæвæрттæ тугъди фæсте исаразтонцæ «Победит», «ОЗАТЭ», «Электроконтактор», электрон цирæгъти завод, къæразгæмбæрзæнтæ æма цъиндагæнæн фабрикитæ, Орджоникидзей æма Эзмини ГЭС-тæ.

Нæ кустуæтти цидæриддæр арæзт цудæй, е къохи æфтудæй республики берæнацион дзилли бæгъатæр фæллойни фæрци. Бустæги æнахургонд кенæ киунугæ зинтæй ка кастæй, уони бæсти заводтæ æма фабрикити косун райдæдтонцæ астæуккаг скъола, астæуккаг сæрмагонд ахургæнæндонæ кенæ институт каст ка фæцæй, уæхæнттæ. Е фадуат равардта, 1924 анзи хæццæ рабаргæй, фæллойни æнтæстдзийнадæ цалдæр сæдæ хатти фæффулдæр кæнунæн.

Æхе дзæвгарæ раййивта гъæуеон хæдзарадæ. Нæ адæм адтæнцæ зæнхæ гъæугæ. Зæнхæн сæмæ адтæй æдеугурæй æ 13 проценти, иннæ ба адтæй бонгинти къохти. Сæдæ хæдзарей хигъдмæ Иристони адтæй æдеугурæй 7 дзубури, 28 готони æма 46 похцийæ. Æстонг æма тухст цард кодта уæди зæнхкосæг. Евгъуд æноси 80-аг æнзти ба нæ республики адтæй 4 мин трактори, 1600 комбайни, 3900 уæзласæн автомобили æма æндæр нуриккон техникæ.

Уогæ нимæдзæ ци ’й æнæ æ исаразæгæй – адæймагæй. Нæ зундгонд поэт Тетцойти Таймораз е ’мзæнхонти тухxæй хумæтæги нæ финста:

*Куст æма лæгдзийнадæй*
*Аразунгæ дзиллæн*
*Уарзт æма ундзийнадæ...*

Сæрустур адтæй поэт е ’мзæнхонтæй, уомæн æма «сæ амондмæ кæсунцæ кусти сойни бунæй...»

Зæгъун гъæуй уой, æма устур кадæ адтæй уæди рæстæгути хумæтæги фæллойнæгæнæгæн. Æнæгъæнæ республики дæр зундгонд адтæнцæ сæ хуæздæрти хуæздæртæ: завод «Победит»-и æндадзæг, СЦКП-ий XXVI съезди делегат, Фæллойнадон намуси æртæ ордений кавалер Борис Ефременко, Орджоникидзей хуйæн кустадон еугонди косæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Къесати Ксения, «Цæгатиргражданаразтади» асфальтгæнгути бригадир, республики Сæйраг Совети депутат Аванес Саакянц, Мæздæги къæразгæмбæрзæнти фабрики тунуафæг СЦКП-ий XXVI съезди делегат Зоя Нечипуренко, хæдзæрттæаразæн комбинати комплексон бригади бригадир Николай Момот, Орджоникидзей авги заводи геппиуадзæг машинист Тезити Зинаидæ, еугонд «Цæгатируæледарæс»-и хъумацкæрдæг Галинæ Шуренко æма берæ æндæр хъазауатон фæллойнæгæнгутæ.

## «БÆРГÆ, ЕЦИ РÆСТÆГУТИ ХУАРЗДЗИЙНАДÆ МА НÆ АДÆММÆ КУ РАЗДÆХИДÆ...»

*Советон доги нæ адæмон хæдзаради хъазауатонтæй еу, Орджоникидзей завод «Магнит»-и фрезеровщик, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр* ***Ногъайти Дзабой фурт Федорæн*** *(1930-2010) кæддæр нæ газети ци уац ниммухур кодтан, уоми уæд уотæ загъта:*

– Нуриккон «цардаразгутæ» цийфæнди цъифкалæнтæ ку кæнонцæ Советон Цæдесбæл, цийфæнди хахуртæ ку имисонцæ советон цардиуагæбæл, уæддæр æй мах, еци рæстæгути ка цардæй, нæхуæдтæ хъæбæр хуарз зонæн, ци куд адтæй, уой. Æма ’й рæстзæрдæй зæгъун: махæн, фæллойни адæмæн устур бартæ равардта нæ уарзон Райгурæн бæстæ, алли адæймагæн дæр байгон кодта цæрди рохс над æма уобæл нифсгунæй æ карни нисантæмæ цæуынæн равгитæ æнхæстæй лæвардта.

Зæгъдзæнæн мæхе тухxæй. Мæ ниййергутæ адтæнцæ хъиамæтгун зæнхкосгутæ, зудтонцæ айдагъдæр уæнгдухæй косун. Мæ фæлтæр ба æй фæстугъди фæлтæр. Тугъди рæстæги пурхæ ка ’рцудæй, еци адæмон хæдзаради æхсицгæн гъудæй косæг къохтæ, æма мах цудан, нæ сæр хъæбæрдæр кæми гъудæй, уордæмæ. Косæги дæсниадæ нин лæвардтонцæ фабрикити-заводти æма ремесленнон училищети. Æз дæр еу дæсниадæ райстон 1949 анзи. Уæдæй фæстæмæ завод «Магнит»-и кустон фрезеровщикæй. Боз дæн мæ фиццаг зундамонæг коммунист Михаил Александри фурт Егоровæй. Е берæ уарзта æ дæсниадæ, кæддæриддæр мин цæттæ адтæй фæййагъаз кæнунмæ.

Нæ паддзахади устур уæлахез е адтæй, æма нæмæ косæг адæймагæн кадæ ке адтæй. Нæ республики кустади раззагдæртæй беретæн, ме ’мкосгутæн лæвæрд æрцудæй паддзахадон хуæрзеугутæ, иссæнцæ адæмон депутаттæ. Æз боз дæн Райгурæн бæстæй, мæ фæллойнæн мин уæхæн устур аргъ ке искодтонцæ, æма мин лæвæрд ке ’рцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном.

Советон доги устур хуарздзийнадæ ма е адтæй, æма адæм еузæрдиуонæй архайдтонцæ еумæйаг нисанти сæрбæлтау. Мах нæ зæрдæбæл дардтан:

куд хуæздæр косæн, уойбæрцæ цæргæ дæр кæндзинан хуæздæр. Уойбæрцæ домбайдæр æма рæсугъддæр уодзæнæй нæ уарзон Райгурæн бæстæ – нæ еумæйаг райдзаст урух хæдзарæ. Еци хæдзари хецау æма æ амонд аразæг ба адтæй фæллойнæгæнæг адæймаг.

Уæхæн гъудий хæццæ цæргæй æма косгæй нин æнтæсгæ дæр кодта фулдæр, уæдта нæ зæрдитæ дæр цийнæйдзаг адтæнцæ. Бæргæ, еци рæстæгути хуарздзийнадæ ма нæ адæммæ ку раздæхидæ...

**РЕДАКЦИЙÆЙ:** *Ногъайти Федори хæццæ дзубанди мухурмæ ка цæттæ кодта, е куд дзурдта, уотемæй, советон доги туххæй дзоргæй, аци хъиамæтгун лæги цæсгон барохс уидæ. Фал «нæуæг цардарæзти» уавæрти туххæй ку рацæуидæ дзубанди, уæдта арф нийнæфидæ. Æма 'й балæдæрун æнгъизтæй... Нæ кæддæри тухгин кустуæттæ «нæуæг экономикæ» аразгути сæргъæн миути фудæй дæрæнгонд ке æрцудæнцæ, уомæ рæстзæрдæ фæллойнæгæнæг æнцад зæрдæй куд кæса?! Æ цæститæ ницъцъундæ кæна? Нæ фидтæлти загъдау «Зæрдæ ку реса, уæд хъæрæу цæстæй дæр цæстисуг цæуй»...*

## ГЪÆУБÆСТÆ ЦИТГИН ÆЙ Æ АДÆМИ ФÆЛЛОЙНИ ФАРНÆЙ

Республикæ сæрустур адтæй будуртæ æма фермити дæсни косгутæй: Кирови райони колхоз «Кавказ»-и нартихуари кустгæнгутæ Социалистон Фæллойни Бæгъатæртæ Дзгойти Еруслан æма Нæкусати Дæгкойæй, Ирæфи райони Калинини номбæл колхози механизатор, Фæллойнадон Намуси æртæ ордене кавалер Хадати Ахурбегæй, Мæздæги райони колхоз «Сурх Иристон»-и комплексон бригади бригадир ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат Гасити Петр æма гъогдоцæг Мария Краморовайæй, Горæтгæрон райони колхоз «Чермен»-и звеновод Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Алæгати Темирбийæй, Рахесфарси райони Хъантемурти Алибеги номбæл бæхти заводи гъогдоцæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр Гогичати Назойæй, Дигори райони колхоз «Октябри 50 анзи» механизацигонд къуари звеновод ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутат Елджарти Артурæй æма Горæтгæрон райони колхоз «Ильичи фæдзæхститæмæ гæсгæ»-йи механизатор СЦКП-ий XXVI съезди делегат Георгий Прокопенкойæй, Ирæфи райони Ленини номбæл колхози Фæллойни Намуси дууæ ордени æма æндæр устур паддзахадон хуæрзеугути кавалер Гуæздæрти Викторæй, гъæуоунхæдзарадон къабази номдзуд разамонгутæй, Социалистон Фæллойни Бæгъатæртæй: Æрæдони райони Хетæгкати Къостай номбæл колхози сæрдар Мæрзойти Хъазбег æма Мæздæги райони колхоз «Сурх Хъизлар»-и сæрдар Хугати Хазбийæй æма гъæуоун хæдзаради берæ æндæр намусгин косгутæй.

Адæмон хæдзаради аллихузон къабæзти паддзахадон пълантæ æнхæст кæнуни гъуддаги сæ къохи устур уæлахезтæ ке 'фтудæй, уой туххæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй не 'мзæнхонтæй дууинсæй адæймагемæй фулдæремæн (раст зæгъгæй, уонæй кадæртæ еци ном райстонцæ нæ бæсти æндæр рауæнти косгæй). Сæдæгай колхозонтæ æма косгутæн равардтонцæ Советон Цæдеси ордентæ æма майдантæ.

Абони ма уæхæн кадæ кæми ес хумæтæг фæллойнæгæнæгæн. Æркæсайтæ газеттæмæ: паддзахадон хуæрзеугутæ кæд раттунцæ, уæддæр фулдæр артисттæн, спортсментæн, хецæуттæн. Цума устур къасаратæ басастонцæ! Зæгъæн, уотæ ке исцитгин кæнунцæ, еци хецауеуæггæнгутæ уанæбæрæг цæмæй фескъуæлхтæнцæ? Разамунд ци кустуæттæн, къабæзтæн дæттунцæ, етæ æгудзæг уавæри цæмæн æнцæ?..

## ФИДИБÆСТИ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ – ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ БÆГЪАТÆРТÆ

Уогæ хецауади сæри дæр цидæр раст гъудитæ бацæуй рæстæгæй-рæстæгмæ. Багъардта сæмæ е дæр, æма æнæ хумæтæг косгæй неци ес исаразæн, уомæ гæсгæ ба ин гъæугæ хузи кадæ кæнун гъæуй.

Финддæс анзей размæ Паддзахадон Думи унаффæй нисангонд æрцудæй нæуæг бæрæгбон – Фидибæсти Бæгъатæри бон. Бæрæггонд фæццæуй 9 декабри.

Бæрæгбонæн ес историон уедæгтæ: 1769 анзи 9 ноябри (зæронд нимадæй ба 26 ноябри) императрицæ Екатеринæ II æ указæй иснисан кодта сæйраг æфсæддон хуæрзеуæг – Сугъдæг Геуæргий Уæлахезхæссæги орден. Лæвæрд цудæй Фидибæсти сæрбæлтау тохи бæгъатæрдзийнадæ равдесæг тугъдонтæн.

Мæнæ ци бæрæгбони кой кæнæн, уой бæрæг кæнгæй цитгингонд фæццæунцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, Социалистон Фæллойни Бæгъатæртæ, Уæрæсей Бæгъатæртæ, Сугъдæг Геуæргий æма Намуси ордени æнхæст кавалертæ – æ цард æма æ фæллойнæ Райгурæн бæстæ фæдар æма намусгин ка кæнуй, еци патриоттæн.

Бæгъатæртæ... Аци дзурд ихæсгин кæнуй мах нæ намусгин фидтæлти фарни гъуддæгутæй фæнзун, нæ абони царди сæ идарддæр кæнун. Уадзæ, æма нури æригæнттæ уомæ гæсгæ тундзонцæ аккагæй цæрунмæ, патриоттæ исунмæ æма лæгдзийнадæ æвдесонцæ. Æцæг сæ еци лæгдзийнадæ ма багъæуæд тугъди будури, фал сабур царди сæрбæлтау хъæзауатон фæллойни, исфæлдистади, спорти.

Бæргæ еци гъуддаг ку исбайлæгъ уидæ æма не 'хсæнади хъаурæ æма бæрнадæ кæмæй аразгæ 'й æма 'й æцæгæй аразгæ дæр ка кæнуй, уонæн аккаг кадæгонд куд цæуа. Куд иснæуæг уонцæ, советон доги ци хуарздзийнæдтæй тухгин адтан, етæ. Зæгъæн, уæди цардиуаги фæтки фæрци айдагъ нæ Цæдес нæ, фал æнæгъæнæ дуйней дæр игъустгонд адтæнцæ нæ ахургæндтæ, нæ аййевади архайгутæ, фингутæ, хузæгæнгутæ... Еузагъдæй, нæ адæми æносон бæлдæ исæнхæст æй – хумæтæги адæймагæн урух байгон æнцæ зонундзийнæдтæ æма культури хæзнадæнтти дуæрттæ. Æма уони къæсæрбæл бакъахдзæф кæнгæй, е уоми хæзнатæй хумæтæги пайда нæ кодта, фал гъæздугдæр кодта æхе дæсниадæй æма æ адæми удварни бæркæдтæй.

## НИХХАТИР КÆНÆ, СОВЕТОН ЦÆДЕС, – БАГЪÆУАЙ КÆНУН ДÆ НÆ БАФÆРАЗТАН...»

Не 'знæгтæн ма е дæр бантæстæй æма æнсувæрон культурити кæрæдземæй фæххецæнтæ кодтонцæ, се 'хсæн син, бахезæн кæбæл нæбал ес, уæхæн горинттæ исаразгæй. Къурутæ æма ни хъæрæутæ рауайун кодтонцæ, нæбал зонæн сауæнгæ нæ алфамбулай ци адæмтæ цæруй, уони аййевадæ, литератури ци ес нæуæгæй, бафæнзуйнагæй. Хуарз æма ма нæмæ уæддæр хаттæй – хатт фæззиннунцæ нæ синхаг республикити зундгонд аййевадон коллективтæ, арæзт æрцæуй исфæлдистадон къабæзти дæснити фембæлдтитæ.

Уогæ аййевадæ цидæриддæр фæууæд, фал раздæри æнсувæрон республикитæн Советон Цæдеси ниддæрæн берæ æндæр устур фидбилиздтæ æрхаста – айдагъ сæхецæн нæ, фал ма раздæр еу къæбæр цæстуарзонæй ке хæццæ хуардтонцæ, уонæн дæр ма. Е дин Гурдзистон, е дин Украинæ, Балтий хуæдбарæ паддзахæдтæ (кæмæй æма цæмæй хуæдбарæ? Сæ къæхтæбæл федар ке фæрци æрлæудтæнцæ, уонæй хумæтæги арфиаг унæй?..) – цитæ кæнунцæ, е сæрмæ æрхæссуйнаг нæй еуминкъий цæсгон кæбæл ес, уомæн. Уæрæсей знагбæл нимайгæй, етæ зæран хæссунцæ фиццагидæр сæхецæн, сæ адæмæн.

Идæрдти ма ибæл ци дзорæн – нæ кæддæри тухгин Цæдеси фехæлд нæ ци тъуфули багæлста, уой нæхе æфхуæрд рагъбæл æвзарæн.

Ци кæнæн, ци 'рцудæй, е 'рцудæй. Æма нин ес еунæг нифс, гъома, фудлæг æма фудрæстæг берæ нæ хæссунцæ. Ка 'й зонуй, æрхæстæг кæнуй фудрæстæгти кæрон æма кæддæри рохс цард бабæй нæхе цæститæй фæууиндзинан.

Абони ба бал зæгъæн: «Ниххатир кæнæ, Советон Цæдес, багъæуай кæнун дæ ке нæ бафæразтан, уой туххæй. Нæ сугъзæрийнæ нæхе къохæй æррадони бакалдтан...» Нæ фуд лæдæрæн. Æма кæд раст æй фæстагмæ зундæй цæрæн, зæгъæ, нæ фидтæлти гъуди, уæд, æнæрагъуудийæй цидæриддæр фехалдтан, уони нæуæгæй цардхуз искæнæн. Æндæр ба нин исони фæлтæртæ нæ ниххатир кæндзæнæнцæ.

***САКЪИТИ Эльбрус***



**Аци къари уинетæ Цæгат Иристони адæмон хæдзаради аллихузон къабæзти номдзуддæр фæллойнæгæнгути, кæцитæн сæ кустадон агъазиау æнтæстдзийнæдти туххæй Фидибæстæ исаккаг кодта Социалистон Фæллойни Бæгъатæри цитгин ном, иссæнцæ Фæллойнадон Намуси æртæ ордене кавалертæ. Къарæ ист æй нæ редакцион архивæй.**

***Максим ГОРЬКИЙ (1868-1936), номдзуд советон финсæг: «Финсун ба гъæуй хумæтæг æвзагæй, раст цума мæнæ дæ зæрдтагондæр хæлари хæццæ, адæми хуæрзтæн сæ хуæздæри хæццæ дзубанди кæнис: дæ гъуди кæронмæ нæма зæгъдзæнæ, уотемæй дæ уайтæккæдæр балæдæрдзæнæй...»***



Иристони разагъди æртæ лæги (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ): Коцойти Арсен, Зæнгиати Бæбу æма Æмбалти Цоцко.

# «ФИНСУН ГЪÆУЙ ÆНЦОН ЛÆДÆРÆН ÆМА ÆНХÆСТ ÆВЗАГÆЙ!..»



**ГУЛУТИ Андрей,**
**(1892-1980)**
Цæгат Иристони адæмон поэт

КОЦОЙТИ Арсени хæццæ æз базонгæ дæн 1922-1923 æнзти. Еци рæстæги цардтæн Дзæуæгигъæуи æма кустон Цæгат Иристони ахуради хайади, фиццаг литературон секций, уæдта литературон коллегий.

Гъуди ма 'й кæнуй Коцойти Арсени – сауцæстæгин, ниллæггомау бæзæрхуг лæг, уæд дардта цубур сау закъæ, æ уæле – пæлито, æ сæрбæл – уæлдзарм ирон ходæ, æ къохи къæлæтгин лæдзæг. Ахид æрбацæуидæ ахуради хайадæмæ æма фулдæр хæттити, рацо-бацо кæнгæй, дзубанди кодта ахуради хайади косгути хæццæ, дзубанди кодта мæн хæццæ дæр литературон гъуддæгути туххæй: фарста мæ, куд цæуй литературон секций куст, уомæй; дзурдта, киунугутæ рауадзун ке гъæуй ирон æвзагбæл æма æндæр уæхæн гъуддæгути фæдбæл. Тагъд рæстæги Арсен æхуæдæг дæр иссæй литературон коллегий иуонг æма райдæдта косун ахуради хайади.

Зæгъун гъæуй уой, æма кæд æз револючий агъоммæ, ме 'взонги бонти, астæуккаг скъолай ахур кæнгæй, бакастæн Арсени редакцигондæй, журнал «Æфсир»-и еуæй-еу номертæ; кæд еци журнали бакастæн Арсенæн æ радзурд «Рæдыд» æма ин фæуууидтон æ конд карикатуритæ фудæзнаг Байати Гаппобæл æма æндæртæбæл, уæддæр 1922 анзмæ ин æ финститæй мæ зæрдæбæл неци лæудтæй. Нæ гъуди кæнун Арсен, литературон коллегий иуонг уогæй, ескæд бакастæй æ уадзимистæ коллегий æрбадти, уой. Арсен фулдæр игъосгæ кодта, иннæ финсгутæ – Бритъиати Елбиздихъо æма æндæртæ сæ уадзимистæ куд кастæнцæ, уомæ. Иннети уадзимисти туххæй Арсен радзоридæ æ гъудитæ.

Еу хатт Арсен æма æз адтан ахуради хайади. Арсен уотæ бакодта; фæндуй мæ ку мин байгъосисæ мæ финст минкъий радзурдмæ, зæгъгæ. Арсен бакастæй æ радзурд. Куд ма 'й гъуди кæнун, уотемæй радзурди сюжет адтæй уæхæн: хорнигулæйнаг адæймаг исхизтæй хъæбæр бæрзонд рауæнмæ, æма кастæй уордигæй бунмæ – зæнхæмæ. Еци адæймаг хъæбæр сæрустур адтæй æхецæй æма гъуди кодта: æз хъæбæр устур дæн, зæнхæбæл ци адæм рацо-бацо кæнунцæ, етæ неци æнцæ мæ рази, æнцæ мулдзугути хузæн. Фал еци адæймагмæ зæнхæй хæрдмæ ци сувæллæнттæ кастæнцæ, етæ ба берæ фæффарстонцæ сæ кæрæдзей, цума циуавæр æй, бæрзондæй ци сау æндæрг зиннуй, е, зæгъгæ. Фæстагмæ сувæллæнттæ цæхгæрæй загътонцæ: «Е, æвæдзи, сирддонцъеу æй».

Уæхæн адтæй Арсени радзурди гъуди. Æз байгъустон радзурдмæ æма загътон Арсенæн, революций агъоммæ ке бакастæн æмдзæвгæ уруссаг æвзагбæл «Ахмет на минарете», зæгъгæ, æма еци æмдзæвгæн дæр æ гъудитæ Арсени радзурди гъудити хузæн ке адтæнцæ, æ автор ба, куд ма 'й гъуди кæнун, уотемæй поэт Величко ке адтæй.

Арсен бадес кодта æма загъта:

– Мадта кæд уотæ æй, уæд æй ниуудзун гъæуй, нæбал ибæл косун.

Еци радзурди кой некæдбал искодта Арсен, мухури дæр æй некæд фæуууидтон. 1922 анзи кæрони литературон коллеги нæбал куста. Уой фæсте æз цубур рæстæг бакустон газет «Горская беднота»-йи редакций, Арсен дæр хæстæг лæудтæй еци редакций кустмæ, мухур кодта газети æ статьятæ æма фельетонтæ.

1923 анзи райдайæни мин Арсен загъта: «Тагъд рæстæги ирон æвзагбæл цæун райдайдзæнæй ирон газет. Редакций бакосунмæ гъæуй хуарз ка исарæхса, уæхæн адæймаг. Æз мæхуæдæг гъавтон, фал рагъуди кодтон æма, мæнмæ гæсгæ, ду дæр хуарз исарæхсдзæнæ редакций кустмæ». Æз райдæдтон косун газет «Рæстдзинад»-и редакций секретарæй. Газети фиццаг номер рацудæй 1923 анзи 14-аг мартъий.

Ахид æрбацæуидæ Арсен «Рæстдзинад»-и редакцимæ, е хъæбæр дардта æ гъос, газети мухургонд ци æрмæг цудæй, уомæ; дзурдта, газет цæйбæрцæбæл пайда æй фæллойнæгæнæг ирон адæми гъомбæладæн, уой туххæй; дзурдта æвзаги кæдзосдзийнадæ æма æндæр берæ уæхæнтти туххæй. Еци рæстæг Арсен мухур кодта газети статьятæ æма фельетонтæ, æ фæсномуг ном адтæй – «Габойти Габо» æма æндæртæ.

Еу хатт Арсен редакцимæ æрбахаста æ финст роман «Кæфхъуындар»-æй хецæн скъуддзæгтæ. Куд ма 'й гъуди кæнун, уотемæй загъта, романæн æ фулдæр хай раги финст ке фæцæй, фал ин ке фесавдæй, уой. Арсен куд дзурдта, уотемæй ибæл гъавта нæуæгæй бакосунмæ. Æ романæй ци скъуддзæгтæ æрбахаста редакцимæ, етæ мухургонд æрцудæнцæ газет «Рæстдзинад»-и. Ирон æвзаги фарстатæ æвзаргæй, Арсен кæддæриддæр æ дзурдæн хецау адтæй. Е дзурдта, финсун гъæуй æнцонлæдæрæн æма æнхæст æвзагæй, зæгъгæ.

Газет «Рæстдзинад»-и фиццаг номери æз ниммухур кодтон номдзæвгæ «Рæстдзинад», зæгъгæ. Газет «Рæстдзинад»-и туххæй дзоргæй, æз уотæ финстон ме 'мдзæвги еу рæнгъи: «Кæронæй-кæронмæ нæ бæстæбæл æрхæт».

Æз загътон Арсенæн, еуæй-еу æмбæлттæ куд зæгъунцæ, уотемæй финсун гъæуй кæрæй-кæронмæ, зæгъгæ. Фал Арсен загъта: «Нæ, ду раст нифинстай. Финсун гъæуй – кæронæй-кæронмæ. Гъе уотæ æнхæстæй финсун гъæуй алли дзурд дæр».

Еу хатт адтан еумæ – Бритъиати Елбиздихъо, Арсен æма æз. Арсен уотæ бакодта Елбиздихъойæн: «Раст мæмæ кæсуй иронау финсун – «литературон æрмæг», «капиталистон дуйне», «коммунистон парти» æма æндæр уæхæн дзурдтæ, зæгъгæ. Уæд Елбиздихъо бафарста: «Мадта мин зæгъайтæ, иронау уæхæн миногон дзурд, æ кæрон – он – кæмæн уа, уотемæй ба анзи афонæ (зумæгон, уалдзигон, сæрдигон, фæззигон) анзи афонæ ка нæ амонуй, уæхæн дзурд», – зæгъгæ. Æз загътон, ес уæхæн дзурд – «нарон», зæгъгæ. Елбиздихъо загъта: «Раст зæгъис, еци дзурд анзи афонæ не 'вдесуй». Исарази æнцæ, дзурдтæ-миногонтæ – «литературон», «капиталистон», «коммунистон» æма æндæр уæхæнттæ, ирон æвзаги æгъдаумæ гæсгæ, уотæ финсæн ке ес, уобæл. Еци рæстæги ирон газети дæр финсун райдæдтонцæ уотæ.

Арсен хъæбæр лæмбунæг кастæй æвзаги кæдзосдзийнадæмæ, уой туххæй мин æхуæдæг уотæ дзурдта: «Æз мæхенимæри гъуди кодтон, дигорон диалектбæл финсгæй нæ фæррæдуйдзæнæн, зæгъгæ, уотемæй дигоронау нифинстон минкъий статьягонд æма 'й ниммухур кодтон. Уой фæсте мин ме 'мбæлттæ куд балæдæрун кодтонцæ, уотемæй ме статьяй еу дзурд рауадæй иннердæмæ. «Гъе уæд балæдæрдтæн,– загъта ходгæй Арсен, – æвзаг хъæбæр хуарз зонун ке гъæуй æма æнæ уомæй адæймагæн финсун ке не 'нгъезуй, уой».

1923 анзи Арсен рандæ 'й косунмæ Хонсар Иристонмæ æма 'й дзæвгарæ рæстæг нæбал фæууидтон. Хонсар Иристони рацудæй æ радзурдти æмбурдгонд – киунугæ «Радзурдтæ», зæгъгæ, æма ин уæд лæмбунæгдæр базонгæ дæн е 'сфæлдистади хæццæ.

1929 анзи Арсен æрбаздахтæй æма куста Цæгат Иристони, æ уадзимистæ мухур кодта газет «Рæстдзинад»-и, журналтæ «Мах дуг»-и, æма «Фидиуæг»-и, рауагъта æ радзурдти хецæн æмбурдгонд дæр. Уæдæй фæстæмæ ахид æмбалдан Арсени хæццæ, дзубанди кодтан æ хæццæ алцæй туххæй дæр.

Арсени хъæбæр фæндадтæй, цæмæй ирон советон литературæ истухгин адтайдæ, цæмæй нæмæ фæззиндтайдæ Хетæгкати Къостай хузæн устур финсгутæ, устур аййев уадзимистæ. Æма си æрвгæс дæр хъæбæр кодта еци гъуддаг, æнæмæнгæ, уотæ ке уодзæнæй, е.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Арсен немуцаг-фашистон лæборгутæмæ дардта устур æнæуинон цæстингас. Е бæрæг æй æ уадзимис «Чудище»-йæй. Арсенæй æруагæс кодта, немуцаг фашисттæ саст ке 'рцæудзæнæнцæ æма нæ Советон Цæдес сæребарæй ке араздзæнæй æ идарддæри цард.

Зæгъуйнаг дæн Арсени царди фæстаг бæнтти туххæй. 1943 анзи е раздахтæй эвакуацийæй Дзæуæгигъæумæ, раздахтæй Хонсар Иристонæй. Адтæй фæлмаст, фæлладхуз, сæйгæ. Фесавдæй æ фиццаги игъæлдзæгдзийнадæ. Гъуди ма 'й кæнун, куд мин загъта, уой: «Мæнмæ куд кæсуй, уотемæй æз уалдзæгмæ нæбал фæццæрдзæнæн». Æз æй бафарстон, цæмæй сæйгæ æй, уобæл. Æма мин радзурдта, æхсæвæ ниххусгæй, инод ке фæккæнуй, уой. Еу къуар боней фæсте ба мæбæл рамбалдæй æма мин загъта, цæмæй æ хæццæ фæццæуон собесмæ (Цæголифурти номбæл гъæунгæмæ). Уордæмæ ку цудан, уæд мин радзурдта, æнамонди надбæл куд рандæ 'й Калакмæ æма Бакуй ци гъезæмæрттæ фæккодта сæйгæй, еци хабæрттæ. Уой фæсте Арсен хъæбæр фæссæйгæ 'й æма фæцæй Дзæуæгигъæуи сæйгæдони.

Арсен рамардæй 1944 анзи 4 февраль. 5 феврали æ мæрдон кирæ æвæрд адтæй пионерти Галауани. Æ уæлгъос лæудтæнцæ кадгин хъарагъул Цæгат Иристони финсгути Цæдесæй. Мæрддзогойни адæм зæрдхъурмæй фæстаг фæндараст загътонцæ Коцойти Арсенæн, номдзуд ирон финсæгæн, ирон аййев прози бундорæвæрæгæн.

Номдзуд советон финсæг Аркадий Гайдари (Голикови) райгурдбæл 22 январи æнхæст кæнуй æстдæс æма фондзинсæй анзи (1904-1941).

***КОЦОЙТИ Арсен: «Аййев финст уомæй агъазиаудæр æй академион финстæй, æма ‘й кæсæг есуй сæри зундæй нæ, фал зæрдæй, æмбодундзийнадæй, уотемæй е хуæздæр федар кæнуй сæрихъанзи дæр...» Арсени аци гъудимæ гæсгæ ци финсæг исфæлдесуй æ уадзимистæ, адæмæн дæр хеуон е æй.***



КОЦОЙТЫ Арсен

# ÆХЦАЙЫ ЧЫРЫН

КУЫДДÆР фыццаг кæркуасæнтæ ахицæн сты, афтæ Сæйтт рауади хæдзарæй, йæ куырæты æгънæджытæ æвæргæйæ, æмæ кауы сæрты бахъæр кодта Уæсмæнмæ:

– Сыст уæлæмæ, мæрдвынæй бадæ æви цы?!

Уæсмæны хуыссæнуат каумæ хæстæг уыди. Уайтагъд фехъал ис, йæ цæстытæ ауæрста æмæ рауади кæртмæ. Сæйтты дзурын кæй уыди, уый базыдта, фæлæ цæй тыххæй дзуры, ууыл дис кодта.

– Цы хъæр кæныс? Цы дыл æрцыди?

– Нæ фехъуыстай? Кадеттæ Дзæуджыхъæу ныууагътой, хæхты сæрты фалæмæ фæхизынц. Коммунисттæ та иннæбонæй раздæр не ссæудзысты... Ифтындзгæ тагъд! Хъуамæ иннæтæй фæстæдæр ма баззайæм!

Уæсмæн ницыуал сдзырдта, фæлæ сарайы фæмидæг ис бæхуæрдон цæттæ кæнынмæ.

Æрæджы, коммунисттæ куы фæлыгъдысты æмæ кадеттæ куы нæма схæццæ сты, уæддæр Уæсмæны ницы хай фæци, æмæ уæдæй фæстæмæ бирæ маст уыди йæ зæрдæйы. Ныр хъуамæ баххæст кæна уæды хъуаг дæр... Акæсма, дæлæ сæгъыбоцъо Хъасболатмæ! Йæ цæрæнбонты гал йеддæмæ ницы радавта, ныр уый дæр ма йæ хæдзар алы дзаумайæ байдзаг кодта. Къæлæт бандæттæ сласта 52, стъолтæ 18, ноджы ахæм айдæн, æмæ уаты фæрсмæ дæр нæ цыди, хæрдмæ дæр, – уæртæ сарайы къулыл æнцойгондæй лæууы...

Æмæ фæныкгуыз Долæтмырзæ та? Фосимæ скъæты царди... Ныр æм акæс! Дзæуджыхъæуы кæрон кæйдæр хъæдын хæдзар райхæлдта æмæ йæ ам æрбалæууын кодта. Хъаны цард кæны. Уымæй хуыздæр бæстыхай ам никæмæн ис.

Уый æдде Ханджери! Даргъ-Къохы, бæхтæ давгæйæ, йæ худ æмæ йæ нымæт чи ныууагъта, уый дæр æрбалæууын кодта йæ хæдзары 150 путы лæхурæг мæнæу ссад... Дыууæ азы дæргъы йæ кусын нал бахъæудзæн... Нæй... хъуамæ Уæсмæн абон йæ хæдзары хъуæгтæ ииуылдæр баххæст кæна! Кæннод исчи афтæ зæгъдзæн, æмæ йæ тæппуддзинады тыххæй æнæхай баззад...

Дæс минуты фæстæ Сæйтт æмæ Уæсмæны уæрдæттæ цæттæйæ ратулдзысты уынгмæ. Сæйтт иунæг уыди, фæлæ Уæсмæн йæ 18-аздзыд фырты дæр йемæ ракодта. Алырдыгæй æмызмæлд кодтой бæхджынтæ, уæрдонджынтæ æмæ фистæджытæ. Се ’ппæтæн дæр сæ арæзт уыди Дзæуджыхъæуы ’рдæм.

– Фæсте нæ баззадыстæм, – сдзырдта Сæйтт, – фæлæ раззæгтимæ дæр не стæм.

Уæсмæн бахудт.

– Уыйас дæр ласын куы фæразиккам... Дзæуджыхъæу не ’ппæты фаг дæр у, ма тæрс!

Цыма йæ туджы стылди, уыйау сырхсырхидæй сцæйбырыди хур, йæ тынтæй Дзæуджыхъæуы хæдзæртты сæртæ алы æрттывд кодтой. Хурыскæсæнырдыгæй уынгты бацæуæн нал уыди уæрдæттæй, бæхджынтæй, фистæджытæй. Уый уыди цæуджытæн сæ сæр, сæ кæронил та цæст нæ хæцыди, æвæццæгæн, ма кæмтты æмæ цъасты змæлыдысты фæстаг цæуджытæ.

Сæйтт æмæ Уæсмæн сæхи сарæзтой базары уынгмæ, уым иу стыр хæдзармæ сæ зæрдæ æхсайдта – тынг дзадджын æнхъæл ын уыдысты.

Мæнæ йæм фæхæццæ кæнынц. Фæлæ уым сæ разы фегуырдысты дыууæ лæджы ифтыгъд топпытимæ, тæссармæ хъатаратимæ.

– Аздæхут æндæр уынгыл! Ацы хæдзар мах равзæрстам!

Акастысты размæ Уæсмæн æмæ Сæйтт – иу-10 уæрдоны лæууыди хæдзары раз. Лæппутæ, ас лæгтæ æмæ урсрихи зæрæдтæ хастой уæрдæттæм пъалтотæ, худтæ, айдæнтæ, чырынтæ, бандæттæ, агтæ, алгъацтæ, тæбæгътæ, уидгуытæ, тастæ, ведратæ æмæ æндæр ахæмтæ. Иу уæрдоны раз лæууыди саулагъз лæппын чызг. Йæ астæуыл æвзист рон, йæ риуыл æвзист æгънæджытæ, йæ галиу къухы дардта тымбыл айдæн, рахизæй та йæ сæрыл æвзæрста парижаг худ.

Уымæй чысыл æддæдæр æндæр чызг йæ иу къахыл скодта бæрзонд зæвæтджын батинкæ æмæ афтæмæй цæуын æвзæрста, фæлæ йæ иннæ къахыл сæрак дзабыр кæм уыди, уым-иу куы уæлæмæ хаудта, куы дæлæмæ. Йæ фарсмæ æртыккаг чызг йæ хæххон къабайыл æдде цыбыр юбкæ æрбабаста æмæ алырдыгæй йæхимæ æркæс-æркæс кæны.

– Ауадзут нæ иувæрсты! Мах уæртæ æндæр уынгмæ цæуæм! – лæгъстæ кæнгæйæ, сдзырдта Уæсмæн.

– Кæд иувæрсты цæут, уæд фæндараст! – загътой хъахъхъæнджытæ æмæ ног æрцæуджыты ауагътой дарддæр.

Проспектмæ сæ бирæ нал хъуыди, афтæ иу хæдзар сæ зæрдæмæ фæцыди – дыууæуæладзыгон, рудзгуыты стыр æвгтæ æрттывтытæ калдтой. Йæ разы æндæр бардарæг ничи уыди, æмæ уæрдæттæ æрлæууыдысты йæ тæккæ раз. Лæппу уæрдætты раз хъахъхъæнæг баззади. Уæсмæн æмæ Сæйтт та мидæмæ цæуынил фесты. Æфсæйнаг кæрты дуар фидар æхгæд разынди, æнцонтæй асæттын нæ бакуымдтаид. Уæд Уæсмæн уæрдонæй фæрæт фелвæста æмæ парадон дуарыл къæртт кæнынил фæхæцыди. Дуар уайтагъд фæйнæрдæм схъистæ æмæ фæрчытæ ахаудта.

Иу адæймаг нæ разынди хæдзары, æвæццæгæн, цæрджытæ искæдæм фæлыгъдысты, искуы бафснайдтой сæ сæр ацы тас рæстæджы.

Дыууæ лæджы фæрæты руаджы байгом кодтой иннæ дуæрттæ дæр æмæ зилын байдыдтой хæдзары къуымты. Стъолтæ, бандæттæ, æмæ афтид скъаппыты йеддæмæ хæдзары ницыуал уыди, æвæццæгæн, цæрджытæ иннæ дзауматæ ииуылдæр семæ аластой. Иу къуымы ма дзы лæууыди æнахуыр цыдæр, – уый стъол дæр нæ уыди, скъапп дæр нæ, чырын дæр нæ.

Дисгæнгæйæ, ракæс-бакæс кодтой уыцы дзауматæм Сæйтт æмæ Уæсмæн.

– Мæнæ цы уæззау у! – сдзырдта Сæйтт, æнахуыр чырыныл схæцгæйæ. Уæсмæн дæр ыл авзæрста æмæ йæ зæрдæ фехсайдта: «Кæд. мыййаг, æхцайы чырын у?»

Уыцы минут ахæм хъуыды фегуырди Сæйтмæ дæр.

– Къæдзтæ-мæдзтæ, ницæйаг дзаума у, – загъта Уæсмæн, – фæлæ йæ æз сарайы сæвæрдзынæн. Лæууæд уым!

– Бæзгæ ницæмæн кæны, – загъта Сæйтт, – фæлæ мæ хæдзары тыргъы сфидаудзæн!

Дыууæ лæджы «чырыны» алыварс зилын байдыдтой, сгарынц æй, схæцынц ыл, дис кæнынц, цæлхытæ та цæмæн ис йæ къæхтыл!

«Ай у бæлвырд æхцайы чырын, – хъуыды кодта хинымæр Сæйтт, – хъуамæ йæ мæхи бакæнон!» – цыма чырынмæ æппындæр йæ зæрдæ нал æхсайдта, уыйау ацыди иуварс æмæ æндæр дзауматæ уыны, хатæны астæумæ сæ хæссы.

– Ацы æнæхъуаджы стъол ласынæй пайда нæй! – загъта Уæсмæн дæр æмæ æндæр дзауматæ агурынил фæци.

Уыцы ныхас ын ацахста Сæйтт æмæ загъта:

– Чи зоны, мæнæн тыргъы æвæрынæн сбæздзæн!

– Уæззау у ласынæн, – загъта Уæсмæн дæр, – уыййеддæмæ мæнæн сарайы æвæрынæн сбæззид, исты дзауматæ йын йæ уæлæ самаин!

Чи зоны, ацы дзаумамæ куы нæ фæкомкоммæ уыдаиккой дыууæ лæджы, уæд æндæр ранмæ ацыдаиккой, – цы сты стъолтæ æмæ скъаппытæ! Уыдон агуырдтой æхца æмæ исты зынаргъ дзауматæ.

Ныр сæм ардыгæй ацæуыны фæнд нал ис.

Бирæ рафæлив-бафæлив фæкодтой кæрæдзи дыууæ лæджы, æппынфæстаг бамбæрстой, сæ дыууæмæ дæр иу хъуыды кæй ис æмæ та иумæ афоныл æнахуыр стъолы фæйнæ фарс æрлæууыдысты.

Кæсынц кæрæдзимæ.

– Мауал фæстиат кæнæм, аласæм æй! – загъта Уæсмæн.

– Аласæм æй! Иннæ дзауматæ нæ ницæмæн хъæуынц!

Дзурын сæ нал хъуыди кæрæдзийæн, цæй тыххæй ласынц ацы стъол иннæ дзаумætты раз: æмхуызон æмбæрстой хъуыддаг сæ дыууæ дæр, цы ма йыл дзырдтаиккой!

***

– Цæмæн афтидæй цæуыс, æппын ницæуыл фæхæст дæ? – фарстой Сæйтты фæндагыл æмбæлджытæ.

– Мæ бæхыл цыдæр фыдбылыз æрцыди æмæ ма афтидæй дæр фæстæмæ куы схæццæ уаид! – афтæ дзуапп лæвæрдта Сæйтт.

Цæуынц дыууæ уæрдоны фæдфæдыл. Стъол æвæрд уыди Уæсмæны уæрдоны. Уæрдон куы æргуыпп кæны, уæд стъолы хуылфæй цавæрдæр зæлланг фехъуысы. Уыцы зæллангмæ Уæсмæны зæрдæ фырцинæй тынгдæр сриуыгъдтытæ кæны. Фехъуыста кæддæр Уæсмæн, ис, дам, ахæм æхцайы чырынтæ, æмæ сæ исчи куы гом кæны, уæд фæдис ныццæгъдынц. – Ацы чырынæн дæр æнæ ахæм хос нæй! – цин кодта хинымæр Уæсмæн. Ныр йæ кæрты алыварс дурын быру самайдзæн. Йæ хæдзар зестæй бамбæрздзæн, цъæх ахорæнæй йæ сахордзæн, æмæ йæм æгас хъæу, хæлæг кæнгæйæ, кæсдзысты. Сараздзæн йæхицæн сыгъзæрин хъама, бæрцытæ æмæ рон, йæ бæхы дзауматæ ииуылдæр æвзистæй сæрттивын кæндзæн æмæ... кæсыс? Дæлæ та Уæсмæн йæ сираг бæхыл Дзæуджыхъæумæ асхуыста. Бирæ, ноджы бирæ цыдæртæ бакæндзæн Уæсмæн.

Сæйтт бады фæстаг уæрдоны, йæ каст у иудадзыг чырынмæ, мыййаг æм Уæсмæн исты куы фæныхила. Йæ фæстæ бады Уæсмæны 18-аздзыд лæппу. Уымæ дæр Сæйтт йæ хъус дары...

Цы нæ вæййы... Мацы хинæй йыл рацæуæнт!

Кæсы Сæйтт стъолмæ, хъуыдытæ кæны. 40 азы цæры ацы дунейы. Нырæй фæндарастдæр никуы фæци. Бæх-иу адавта, æмæ-иу æй ахæстоны бадын бахъуыди, йе та-иу бæхы фæстæмæ байстой. Иу хатт ын фæдис йæ цонг дæр фæцæф кодтой, мæнæ ныр дæр дзæбæх нæ тасы... Ныр афтæ хъуамæ мауал уа.

Чи зоны, йæ зæрдæйы дзæбæхæн ма хаттæй-хатт давынмæ дæр цæудзæн, фæлæ давæггаджы хъуаг нал уыдзæн... Цы цард æм æрхаудта æрæджиау! Нард род та аргæвддзæн æмæ æдзух дзидза гарчицæимæ хæрдзæн... Кæуылты чырын у, кæуылты! Æххуысгæнджытæм куы нæ фæдзырдтаиккой, уæд æй уæрдоны сæвæрын ницæй тыххæй бафæрæзтаиккой. Хъуамæ дзы милуанæй къаддæр ма уа æхца... Йæ фарс ын къухæй куы басхуыста, уæд куыд ныззæлланг кодтой... Гъе, ныр афтæ аразынц æхцайы чырынтæ, исчи сæ куы гом кæны, уæд фæдис ныхъхъæр кæнынц... Хуыцауæй бузныг, Сæйтты рад дæр æрцыди, дзæбæх ацæрдзæн!

Уыди æмбисæхсæвмæ æвваxс. Хъæуæй искæдæм давынмæ чи цыди, уыдон раджы ацыдысты. Иннæ хъæуккæгтæ, хуырхуыргæнгæйæ, хуыссынц. Нæ хуыссынц æрмæст Сæйтт æмæ Уæсмæн сæ бинонтимæ. Уыдон æмбырд сты ииуылдæр Сæйтты дуарæхгæд хæдзары. Сывæллæттæ, къуымты бадгæйæ, æнхъæлмæ кæсынц чырыны байгоммæ. Уыдон æнхъæл сты æмæ дзы рахаудзæн къафеттæ, уырыссаг гуылтæ æмæ исты хъазæнтæ. Хъомылдæртæ æмбæрстой, æхцайы чырын кæй у, æмæ дæрддзæф лæугæйæ, кастысты Уæсмæн æмæ Сæйтты къухты змæлдмæ.

Уæсмæн æмæ Сæйтт зылдысты чырыны алыварс, агуырдтой йын йæ байгомгæнæн ран æмæ йæ нæ ардтой. Уæд Уæсмæн атъыста фæрæты роцъо сæрвæйнæджы бын. Фæйнæг скъæркъæр кодта æмæ фæхицæн ис. Мæсты хъырныд æмæ дзынæзт айхъуысти уаты къуымты.

– Уый йæхæдæг у, гъе! – сцин кодта Уæсмæн.

Ныккастысты дыууæ лæджы чырыны хуылфмæ. Алырдæм дзы телтæ ивæзт, цавæрдæр къæбæлтæ дæр дзы бирæ.

Уæсмæн æрцавта фæрæтæй иу кæрон æмæ фæтарсти, тынг ныззæлланг кодта чырын – сыхæгтæ куы фехъусой, уæд уыдон дæр хай агурдзысты.

– Тагъд кæнынæй пайда нæй! – загъта Сæйтт. – Сындæггай йын расыгъдæг кæнын хъæуы йæ фæдис хъæргæнæнтæ!

Боныцъæхмæ бирæ нал хъуыди, уæд чырын ииуылдæр хицæнтæгонд фæци – фæйнæгæй, телæй, къæбæлæй, фæлæ дзы æхца æппындæр нæ разынди.

***

Хæлддзæгты алыварс фæлладæй æрбадтысты Уæсмæн æмæ Сæйтт. Сдзурын дæр, кæрæдзимæ бакæсын дæр нал уæндыдысты. Сæ кæрæдзийæ дæр æфсæрмы кодтой, сæ бинонтæй дæр. Фæлæ сæ тынгдæр æрдиаг уыди уый тыххæй, сомбон хъæубæстæ куы базоной ацы хъуыддаджы тыххæй, уæд сын уынгмæ акæсæн нал уыдзæн – худдзысты сыл!

Æвиппайды Сæйтт дыууæ къухæй йæ сæрмæ фæлæбурдта æмæ фæхъæр кодта:

– Фæндыр уыди!.. Фæндыр уыди!.. Цæй рох мæ фæци!

Радзырдта Сæйтт чысылæй йæ фыдимæ суг куыд ныллластой Дзæуджыхъæумæ, уым куыд федта иу чызджы ахæм фæндырыл хъазгæ.

Уæсмæн æнæдзургæйæ йæ сæр æрдиаггæнæгау банкъуыста.

– Фæхудинаг стæм, хынджылæг фæкодтам нæхицæй!

Уым Сæйтты цæстытæ æррайы цæстытау ферттывтой.

– Цом, Уæсмæн, фæстæмæ! Ифтындзгæ дæ уæрдон! Хъуамæ худинагæй ма баззайæм!

– Никæд ныххатыр кæндзынæн ацы рæдыд мæхицæн! – загъта Уæсмæн æмæ сыстад йæ бынатæй. Иу-15 минуты фæстæ дыууæ уæрдоны ратылдысты уынгмæ. Уым Сæйтт æмæ Уæсмæны хъуыстыл ауади: «Бафснайут уæ уæрдæттæ, коммунисттæ схæццæ сты!»

**Уæрæсей адæмон артист Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон премий лауреат Вершинин Вячеслав Григорийи фурти райгурдбæл 19 январи исæнхæст æй цуппаринсæй анзи.**

*Цæгат Иристони тагъд медицинон агъази службæ еу суткæмæ райсуй республики цæргутæй 800 курдиадей бæрцæ. Цæмæй адæмæн аккаг хузи агъазгонд цæуа, уой туххæй багъæуаги фулдæронд æрцæунцæ медикти радæхæссæг къуæртти бæрцæ.*



# ГРИПП ÆМА ÆНДÆР ХУÆЦГÆ НЕЗТÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНУНИ МАДЗÆЛТТÆ

РАГÆЙ æй зундгонд: нез не ‘руадзун æ исдзæбæх кæнунæй æй æнцондæр. Аци загъд, ке зæгъун æй гъæуй, хауй грипп æма карз вирусон хуæцгæ незтæмæ (ОРВИ). Сæ профилактики мадзæлттæ ‘нцæ аллихузон.

Сæйун неке фæндуй, уавæр уæлдай тæссагдæр исуй, нез фæстеугутæ ку расайуй, уæд. Уой лæдæргæй æма гъуддаг уой уæнгæ не ‘руадзунбæл архайгæй, адæм сæ гъос хъæбæрдæр дарунцæ незтæ профилактики мадзæлттæмæ.

Грипп æма ОРВИ-йæй багъæуай кæнунæн ес цалдæр хузи, æма си тæккæ хуæздæр багъæуай кæндзæнæй вакцинаци. Прививкæ искæнуни фæсте адæймаген гриппæй тæссаг нæбал уодзæнæй, уæлдайдæр, алли анз æй ку кæна, уæд. Иннетæй уæлдай вакцинаци искæнун, фицагидæр, гъæуй, эпидемий рæстæг сæйун æгириддæр кæмæн не ‘нгъезуй, уæхæн адæми. Фарста вазуггин æй нури рæстæг: нæуæг коронавируси хуæцгæ нез нурма кæнуй парахат, æма уомæй багъæуай кæнунæн дæр вакцинацийæй хуæздæр мадзал нæййес. Сæ дууей нихмæ дæр прививкæ конд ку не ‘рцæуа, уотемæй адæймагбæл сæ дууæ дæр бафтудæнцæ, зæгъгæ, уæд уæхæн уавæрæй сæйги фæййервæзун кæнун фæууй хъæбæр зин гъуддаг.

Грипп æма ОРВИ-йæ фæссæйгæ унæй уæлдай тæссагдæр æй, æхсæз анзей уæнгæ кæбæл цæуй, уæхæн сувæллæнттæн, æ кари ка бацудæй, 60 анземæй уæлæмæ кæбæл цæуй, уæхæн адæмæн, ести нез кæмæ ес æма си еудадзугдæр æхе ка дзæбæх кæнуй, е ‘нæнездзийнадæ лæмæгъ кæмæн æй, уæхæн адæмæн, медицинон косгутæн, скъоладзаутæн, студенттæн, æфсæддонтæн. Уæлдай багъæуайкæнуйнагдæр гриппæй æнцæ æнгъæлдзау силгоймæгтæ.

Грипп бацæфсуй, сæйгæ адæймагæн салам дæтгæй, æ къох ку райсæн, уотемæй: сæйгæ нæ фарсмæ ку ‘рæхснирса кенæ ку хуфа, уæд; гриппæй тæссаг æй хе гигиени домæнтæбæл устурзæрдæ ка ‘й, уомæн дæр.

Нези инфекци ци адæймагмæ бахъæрта, уомæй æ алливарс адæмæн тæссаг æй æ фæссæйгæ уни фицдаг æртæ-цуппар боней дæргъи. Минкъий сувæллæнттæй ба нез бацæфсунæй тæссаг фæууй сæ фæссæйгæ уни фицдаг авд-дæс бони.

Вирустæбæл хъæбæр ахедуй алфамбулай æрдзæ. Адæймаги бауæри ку нæ уонцæ, уæд берæ нæ цæрунцæ (дууæ сахаттемæй аст сахаттей уæнгæ). Гриппи вирусæн æ марæг æй бæрзонд тæвдæ (75-100 градуси), уæдта ма бактерити нихмæ бауæргъæдтæ (спъирт, щелочь) кæми ес, уæхæн медицинон фæрæзнитæ.

Берæ незтæн се ‘фсон æй цъумур къохтæ. Эпидемий рæстæги къохтæ æхснун гъæуй ахиддæр, уæлдайдæр, сæйгæн æ къох райсуни фæсте, къохæн æнæесгæ ку нæ уа, уæд. Ма ‘вналетæ къохтæй уæ цæсгонмæ, уæ фий кенæ уæ билтæмæ.

Уæхуæдтæ кæд нæ арæхсетæ, уæд уин дохтир байамонæд, фий донæй æхснун куд гъæуй, уой. Хумæтæг дони бæсти цæхгун дон ку уа, уæдта никки хуæздæр (дони еу литрбæл никкæнун гъæуй еу цайцумæн уедуги дзаг цæнхæ). Фиййи ниттадзун ке гъæуй, сæрмагонд уæхæн цæхгун фæрæзнитæ цæттæй уæйæ кæнунцæ аптекити дæр.

Эпидемий рæстæги цæсгонбæл дарун гъæуй маскæ, уой хæццæ ‘й гъæуама дара æнæнез адæймаг нæ, фал сæйгæ æхуæдæг.

Вирустæ уарзунцæ, гъар кæми уа, æма ругæ кæми ес, уæхæн рауæн, уомæ гæсгæ цæрæн бунат ахиддæр гъæуй уомæлæфснайд кæнун æма къæрæзгитæ ахиддæр игон кæнун.

Еугур уони æнхæст кæнун æй æнцон, æма, кæд хумæтæг æнцæ, уæддæр уæ эпидемий рæстæг гриппæй багъæуай кæндзæнæнцæ.

Хуæцгæ незтæй уæхе гъæуай кæнетæ æма æнæнез уотæ.

***Медицинон профилактики***
***республикон центр***

# ХУАСТÆ БАЛХÆНУНИ РАВГÆ УОДЗÆНÆЙ АМБУЛАТОРИТИ

Уæрæсей Федераций фармацевтон архайди туххæй закъонæвæрунадæ æма уагæвæрдтæмæ хаст æрцудæй æййивддзийнадæ хуастæ æма сæйгæн гъæугæ æндæр медицинон фæрæзнитæ уæйæ кæнуни туххæй лицензи дæттуни фæтки туххæй. Нурæй фæстæмæ, афтектæ кæми нæййес, еци амбулаторитæ æма фельдшерон-акушерон пунктти косгутæн барæ уодзæнæй хуастæ уæйæ кæнунæн (куд зонæн, уотемæй нури уæнгæ уæхæн куст кæнуни барæ лæвæрд адтæй айдагъдæр профессионалон фармацевттæн).

Федералон Хецауадæ ци уагæвæрд исфедар кодта, уомæ гæсгæ уæхæн фармацевтон лицензи райсуни туххæй медицинон организаци æ курдиади гъæуама бæлвурд фæббæрæг кæна, хуастæ æма сæйгæн æндæр гъæугæ медицинон фæрæзнитæ æфснайдæй дарунæн æма уæйæ кæнунæн еугур гъæугæ фадуæттæ дæр ке исаразта, уой.

Адæмæн медицинон æма фармацевтон лæггадтæ кæнуни гъуддаги нæуæгдзийнæдтæбæл дзоргæй, Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг Томайти Тамарæ куд балæдæрун кодта, уотемæй гъæуун медицинон косæндæнтти уæхæн фармацевтон архайд уодзæнæй сæрмагонд паддзахадон организаци бæрни:

– Хæстæгдæр рæстæг бæрæггонд æрцæудзæнæй еци организаци. Рагацау исбæлвурд кæндзинан гъæугæ хуастæ æма æндæр медицинон фæрæзнити минкъийдæр номхигъдтæ æма бæрцитæ. Уой фæсте сæ æрветун райдайдзинан амбулаторитæ æма фельдшерон-акушерон пункттæмæ. Уоми сæ медиктæ комкоммæ уæйæ кæндзæнæнцæ адæмæн. Аци фарстабæл республики Сæргълæууæги амундзийнадæмæ гæсгæ рагацау райдæдтан косун. Куд нисангонд цæуй, уотемæй мæйи кæронмæ гъæууон амбулаторити хуастæ фæззиндзæнæнцæ.



ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№93.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.01.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 20.01.2022

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**